

## Monkeys with a Mission/ Makak ki gen Misyon

Yon nèg swaf , li vle bwè yon ti dlo, men li pa kapab prann li pou kont li. Nèg la, se George Boyle ki rete Klivland, Alabama. Li pakab fè mouvman ak men li, ni ak pye li, kou li te kase nan ou aksidan machin. Bon zanmi ni Gizmo pran **bwason** an pou li.

Gizmo se yon makak ki renmen jwe, men li ede anpil. Gizmo fè anpil bagay pou Boyle ki sèvi ak yon chèz woulant.

Gizmo gen katòzan, se yon ti makak piti, yon kapisen. Li soti nan “Helping Hands” [Men yo ki ede], yon òganizasyon nan Boston, Masachousèt, ki antrene makak ede moun ki gen **dezabilite** fizik, moun kokobe. Nan Sid Amerik, se nan **jing**, makak sa yo viv. Men makak “Helping Hands” fèt nan yon sant tou pre Boston. Kapisen yo piti, yo entelijan, yo gen bon relasyon ak moun.

Fanmi avan tout

Elizabeth Ford ki gen trèzan di: “Sadie tankou yon sè pou mwen”. Depi twazan makak kapisen abite ak fanmi Elizabeth nan Norton, Masachousèt. Li gen pou li pase yon lòt de a twa ane ankò, pou li kapab aprann viv ak moun. Apre sa, Sadie ap ale apran travay ak yon moun ki gen dezabilite.

Menmjan ak Elizabeth, Sadie renmen manje **kolasyon**. Sa ki te diferan nan yo de a, Sadie te renmen al amize l sou tèt kay la, Elizabeth pat kapab fè sa. Elizabeth ap **chagren** lè Sadie ale nan **antrenman** [ antre-nman]; men li di: “Mwen konnen li ap ale ede yon moun.”

Aprann ede

Lè makak yo soti ka fanmi an, yo ale nan antrenman. Nan Helping Hands, yon makak yo rele Patty aprann vire paj **katalòg**. Sue Costa di: “Makak yo tèlman kirye, yo renmen fè travay yo.” Avan makak yo gen yon leson de baz- yo aprann al chache manje, bwason, ousnon ranmase bagay ki tonbe atè. Apre sa yo aprann travay espesyal, tankou mete disk nan òdinatè, mete kasèt nan videyo, ousnon pase nimewo telefòn. Apre dizyimwa, pi fò nan makak yo pare pou yo travay. Helping Hand mache moun ak makak yo, selon pèsonalite yo.

Yon makak kapisen viv ant 30 a 40 an, sa vin pèmèt yo sèvi yon bon tan kòm konpay. Moun pa bezwen peye pou sèvis ak èd makak yo. Sepandan, antrene makak yo koute anpil. Helping Hands kapab mete sis jiska dis makak pa an.

## Travay

Gizmo fini antrenman. Kounyeya, li pa pèditan lè li okipe nan travay li. Li konnen li ap jwen n yon **rekonpans**, lè li mete paj katalòg Boyle bezwen li ya dwat devan Boyle. Boyle soufle nan yon chalimo, pou li simen yon ti ji fwi bay Gizmo. Pandan Boyle ap li, Gizmo ap gade trafik nan fenèt la, li ap jwe, ousnon li chita nan solèy. Li renmen enstriman mizik ak gade reklam nan televizyon. Aswè Gizmo dòmi nan yon gwo kaj, ak nounous li yo, ak yon kouvrel.

Chak jou, yon travayè la sante vini ede Boyle benyen ak abiye. Apresa, Boyle ak Gizmo pase jounen an ansanm. Boyle di: “Li tankou yon timoun”. Li bay Gizmo kado lè se fèt li e li konnen lè li kontan selon jan li kriye. Gizmo toujou konnen kisa Boyle bezwen depi anvan Boyle mande l. Zanmi depi senkan, yo ap ansanm pou anpil lòt ane.

## An nou panse sou istwa “ Makak ki Gen Misyon”

### Kesyon:

Ki kalite ki fè makak kapisen bon pou ede moun ki gen bezwen espesyal?

Kijan makak ki antrene yo menmjan ak lòt bèt domestik? Kijan yo diferan?

Konpare makak kapisen ki antrene ak chen gid. Ki kalite yo genyen ki menm? Ki kalite yo genyen ki diferan?

### Analogies/ Konparezon

**Chagren** se pou lapen menmjan **kontan** se pou----- (*la jwa*)

**Dezabilite** se pou **andikape** menmjan **abilite** se pou ----- (*nòmal*)

**Katalog** se pou **reklam** menmjan **liv** se pou-----(*leson*)

**Rekonpans** se pou kado menmjan **pinisyon** se pou----- (*dezòd*)

**Wè** se pou gade menmjan **tande** se pou ----- (*koute*)

\*Fè yon fòm tankou sa ki an ba paj la. Fè elèv yo li tit la ak sa ki pi enpòtan nan istwa a.

Ede timoun yo di sa yo aprann nan istwa a.

### Makak ki gen Misyon.

#### I. Fanmi avan

- A. Sadie te rete ak Ford yo pou senk a sizan.
- B. Sadie te fin abitye rete nan kay ak moun.

#### II Aprann ede

- A. \_\_\_\_\_
- B. \_\_\_\_\_
- C. \_\_\_\_\_

#### III Travay

- A. \_\_\_\_\_
- B. \_\_\_\_\_